

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[العربية باللغة الوثيقة هذه اعرض](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl](#)

[ayisyen](#) / [이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /

[Перевод документа на русский язык](#) / [یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#)

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

10 septanm 2021

Nou pa ka tann pou akeyi elèv Vil Nouyòk retounen nan salklas yo premye jou lekò la: **Lendi 13 septanm**. Tanpri gade pi ba a pou jwenn enfòmasyon enpòtan konsènan ane lekòl 2021-22 a – epi ale sou paj Lis pou fanmi tcheke pou reouvèti lekòl la (schools.nyc.gov/checklist) pou jwenn plis sijesyon sou kòman timoun ka prepare pou jou espesyal sa a!

Kontni:

- [Prepare w](#)
- [Vaksinasyon ak tès COVID-19](#)
- [Nan lekòl pitit ou a](#)

Prepare w

Zouti evalyasyon sante (Health Screening) sou entènèt

Avan ou antre nan bilding lekòl yo chak jou, chak elèv ak manm estaf dwe ranpli Fòm evalyasyon sante a pou konfime ke yo pa gen okenn sentòm COVID-19, yo pa fèk teste pozitif, epi yo pa oblije kounye a ankarantèn poutèt yo te gen kontak sere avèk yon moun ki enfekte.

Nou rekòmande pou mete (bookmarking) healthscreening.schools.nyc nan aparèy ou pou kapab ranpli fòm lan rapidman avan w voye pitit ou a lekòl chak jou.

Sonje si pitit ou a pa santi l byen, pa voye l lekòl! Nou vle kenbe pitit ou a ak kominote lekòl yo ansante ak san danje, epi fòk nou tout fè sa nou gen pou fè.

Rete konekte avèk Kont Lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account)

Rete okouran anons enpòtan ki soti nan DOE ak nan lekòl ou a, ladan lè lekòl ap fèmen ak aktivite k ap fèt nan distri w la oswa nan tout vil la! Avèk yon **Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYCSA)**, ou ka mete enfòmasyon kontak ou ajou, ranpli fòm lekòl enpòtan sou entènèt, wè nòt, orè, nòt tès, transpò yo bay, prezans pitit ou a ak plis ankò. Gen plis enfòmasyon nan: schools.nyc.gov/nycsa

Voye yon Fòm konsantman ki ajou pou pitit ou a fè tès

Li enpòtan pou ou bay konsantman pou pitit ou a patisipe nan pwogram tès nan lekòl la. Voye fòm konsantman pou tès ki ajou pou pitit ou a lè w itilize Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc.gov) oswa lè w download fòm lan sou entènèt nan schools.nyc.gov/covidtesting epi remèt fòm sou papye a lè w fin ranpli l bay lekòl pitit ou a.

Fòm konsantman pou tès ou te bay pou ane pase a ap ekspire 30 septanm 2021. Si ou te deja bay konsantman, pitit ou a ka fè tès nan mwa sa a kòm yon pati nan pwogram tès nan lekòl la—sepanndan, pou pitit ou a patisipe nan pwogram tès la pou rès ane lekòl sa a, ou dwe remèt yon nouvo fòm konsantman.

Resous anplis pou fanmi

Pandan w ap prepare pou premye jou lekòl la, tanpri asire w ke ou ale sou sitwèb nou an pou enfòmasyon ki pi ajou sou ane lekòl 2021-22 a: schools.nyc.gov/homecoming

Kisa k ap fèt apre? Nan schools.nyc.gov/checklist w ap jwenn yon **Lis konsènan bagay pou fanmi fè pou reouvèti lekòl** la avèk etap ou ka pran pou prepare pou kòmanse ane lekòl la solid.

Vaksinasyon ak tès COVID-19

Vaksinasyon

Vaksinasyon se etap ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje oumenm ak fanmi ou kont COVID-19. Tout Nouyòkè ki gen laj 12 ane pou pi piti elijib pou resewa vaksen COVID-19 la kounye a.

An patenarya avèk NYC Test & Trace Corps ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal, toutlokal lekòl k ap sèvi timoun ki gen laj 12 ane ak plis ap ofri vaksen Pfizer-BioNTech pou Nouyòkè ki elijib pandan premye semèn lekòl la pou fè li pi fasil posib pou pran vaksen an ak rete san danje. (Y ap bay dezyèm dòz yo nan kòmansman mwa oktòb.) Li pa nesesè pou pran randevou nan lokal sa yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sou lè lokal sa yo ap fonksyone nan lekòl ou a oswa si w ale nan schools.nyc.gov/covid19.

Obligasyon vaksinasyon pou elèv ki elijib pou patisipe nan aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik lan ki gen gwo risk

Règleman vaksinasyon pou Lig atlèt lekòl leta (PSAL)

Kòm yon rapèl, vaksinasyon kont COVID-19 pral **obligatwa** ane sa a pou elèv ak estaf k a ap patisipe nan espò Lig atlèt lekòl leta (Public School Athletic League, PSAL) ke yo konsidere ki gen gwo risk posib pou transmisyon COVID-19. Espò ki prezante gwo risk gen ladan football, volleyball, basketball, wrestling, lacrosse, stunt, ak rugby. Vaksinasyon ap obligatwa tou pou patisipe nan bowling paske byenke se yon espò ki pa gen gwo risk, lokal kote yo fè li a egzije pou pran vaksen an.

Moun k ap patisipe nan espò ki gen anpil risk pou otòn sa a dwe pran premye dòz vaksen COVID-19 yo avan premye jou y ap jwe nan konpetisyon an, sa ki varye selon espò a. Patisipan PSAL pou

sezon ivè ak sezon prentan gen jiska rive kòmansman sezon an pou yo konsidere yo kòm moun ki deja pran tout dòz vaksen yo. Pou plis enfòmasyon sou pwotokòl sante ak sekirite pou PSAL pou ane lekòl 2021-22 a, tanpri ale nan schools.nyc.gov/PSAL.

Règleman vaksinasyon pou aktivite anplis andeyò kourikoulòm lan

An konfòmite avèk Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) ak konsèy Eta a, vaksen COVID-19 obligatwa ane sa a pou elèv ki gen omwen 12 ane epi ki ap patisipe nan aktivite anplis andeyò kourikoulòm lan apre lekòl ke yo konsidere kòm aktivite ki gen posiblite gwo risk pou transmisyon COVID-19.

Pami aktivite apre lekòl ki gen gwo risk yo ou jwenn:

- Koral
- Teyat Mizikal
- Dans/ Ekip Dans
- Bann / Òkès / Fanfa
- Cheerleading / Ekip Step / Ekip Flag

Tanpri kontakte lekòl ou a pou plis enfòmasyon konsènan patisipasyon nan aktivite sa yo.

Pòtal Vaksinasyon Depatman Edikasyon (DOE)

Ou ka upload yon foto kat vaksinasyon w lan oswa NYC Excelsior Pass nan Pòtal vaksinasyon DOE a nan vaccine.schools.nyc. Lè w bay enfòmasyon sa a, sa pral ede repons ak efò rekiperasyon Vil Nouyòk pote nan pandemi an, ede asire kominote lekòl nou yo rete san danje pou tout elèv.

Tès COVID-19 nan lekòl

Pou kontinye mezi sekirite nou te kòmanse nan ane lekòl avan an, n ap fè tès regilye COVID pou estaf ak elèv klas 1ye jiska 12yèm ane.

Nan fason sa a, nou ka pran aksyon tousuit pou pwoteje kominote lekòl la si gen yon ka pozitif. Jan nou di sa pi wo a, pou pitit ou a ka patisipe nan pwogram tès nan lekòl la, ou **dwe remèt yon fòm konsantman tès ki ajou** pou pitit ou a nan lekòl ou a.

- Ou ka ranpli fòm lan nan kont lekòl NYC (NYCSA) ou: schoolsaccount.nyc
- Download fòm lan sou entènèt nan schools.nyc.gov/covidtesting
- Ou pa gen yon kont lekòl NYC? Gen plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/NYCSA

Nan lekòl pitit ou a

Pwoteksyon vizitè

Règleman pou vizitè lekòl

Apati lendi 13 septanm, tout vizitè nan bilding lekòl DOE yo oblije bay prèv vaksinasyon COVID-19 (1 dòz), pou yo ka antre nan bilding lan, eksepte nan ka yon ijans.

Yo ka bay prèw sa a nan plizyè fason. Pou yon vizitè antre nan bilding lan, li dwe:

- montre idantifikasyon,
- gen prèw vaksinasyon,
- ranpli fòm tès depistaj sante chak jou a, epi
- gen yon bagay ki kouvri figi li.

Premye jou lekòl la, paran 3K / Pre-K, an ti gwoup, pral kapab mennen pitit yo nan salklas la epi rete avèk yo pou yon ti tan nan premye jou lekòl la san yo pa montre prèw vaksinasyon an.

Y ap aplike tout lòt kondisyon yo. Tanpri gade schools.nyc.gov/2021health pou plis enfòmasyon.

Konferans pwofesè-paran

Premye konferans paran-pwofesè nan ane lekòl 2021-22 ap fèt nan otòn 2021. Tankou nan ane lekòl avan an, pou sekirite kominote lekòl nou yo, tout konferans paran-pwofesè yo ap fèt adistans nan ane lekòl 2021–22.

Lekòl pitit ou a ap an kontak avèk ou konsènan dat espesifik ak lè konferans pwofesè-paran yo.

Bagay pou kouvri figi (Mas)

Mete mask se youn nan estrateji ki pi enpòtan pou kenbe kominote lekòl nou yo an sekirite. Jan Depatman sante Eta Nouyòk mande l la, tout elèv ak estaf dwe gen yon bagay ki kouvri figi yo lè y ap monte nan otobis lekòl yo ak nenpòt kote sou pwopriyete lekòl la, andedan ak deyò, kèlkeswa kondisyon vaksinasyon yo, sofsi yo gen yon dispans medikal. Pou elèv ki pa kapab tolere mask pou yon rezon medikal, y ap ba yo yon lòt akomodasyon altènatif. Nou apresye sipò ou pou raple elèv ou a pou mete yon mask chak jou nan lekòl la. Ou bliye mask ou oswa ou bezwen ranplase l? N ap asire nou bay pitit ou a youn!